



Pou Piblikasyon Imedya: 13/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE KANPAY POU ADOPTE LWA SOU OBLIGASYON
'RESTORE MANMAN LANATI A' KI ESTIME A 3 MILYA DOLA NAN BIDJÈ ANE
FISKAL 2021 AN**

***Rediksyon inondasyon k'ap mennen nan nasyon an ak inisyativ restorasyon abita
nan kad angajman istorik ki estime a 33 milya dola pou senk ane pou konbat
chanjman klima a***

***Epitou li pwopoze entèdi resipyan manje ak materyèl anbalaj an stiwofòm ke yo
itilize yon sèl fwa, ak definitivman entèdi fraktirasyon idwolik***

***Renouvle yon finasman rekò ki estime a 300 milyon dola pou Fon Pwoteksyon
Anviwònmantal ak yon 500 milyon dola anplis pou enfrastrikti dlo pwòp***

***Elaji inisyativ jesyon pwodui Eta a pou pwomouvwa resiklaj matla ak kapèt ak
redui dechè nan tout eta a***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te kanpe avèk lidè anviwònmantal yo pou anonse yon kanpay pou adopte Lwa sou Obligasyon Restore Manman Lanati (Restore Mother Nature Bond Act) a ki estime a 3 milya dola a nan bidjè ane fiskal 2021 an. Si votè yo finalman apwouve l an novanm nan, Lwa sou Obligasyon an pral finanse pwojè restorasyon anviwònmantal enpòtan nan tout kwen nan eta a pou asire ke New York kapab reziste fas ak menas tanpèt ki pi entans epi ki rive pi souvan ke chanjman klima alimante. Lwa sou Obligasyon an antre nan kad angajman san parèy 33 milya dola a pou goumen kont chanjman klima nan senk pwochen ane yo. Gouvènè Cuomo ap fè kanpay tou pou entèdi resipyan manje ak materyèl anbalaj an stiwofòm ke yo itilize yon sèl fwa nan bidjè a. Anplis de sa, li ap fè presyon pou renouvle finansman rekò pou Fon Pwoteksyon Anviwònmantal (Environmental Protection Fund, EPF) la ak pou enfrastrikti dlo pwòp, ansanm ak inisyativ jesyon pwodwi pou ankouraje resiklaj matla ak kapèt.

"Nou fè fas a yon kriz pou planèt la epi ou sèlman gen yon sèl chans pou ranje li anvan ou rive nan yon pwen kote ou pa ka retounen. Nou rekonèt grandè a ak ijans sa nou ap fè fas ak li a - paske si ou pa sove planèt la, tout lòt bagay yo pa pètinan", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou pral kòmanse pwogram chanjman klima ki pi anbisyè ke nasyon sa a pa te ko janm wè e yon pati nan efò sa a se lwa sou obligasyon anviwònmantal (Environmental Bond Act) la. Nou pral òganize pou fè yo adopte l nan bidjè a epi aplike chanjman klima ki bay plis siksè ak pwogram restorasyon anviwònmantal nan nasyon an. Se yon plan odasye men nou dwe fè li paske swa ou fè fas a kriz nan tan an oswa kriz la defye ou."

Lidè pou konsèvasyon anviwònmantral sa yo te patisipe nan anons jodi a:

- Prezidan ak direktè Dyson Foundation nan, ki se **Robert R. Dyson**
- Direktè Center for Earth Ethics, Union Theological Seminary a, ki se **Karena Gore**
- Atache Siperyè Parks & Open Space la; Ansyen Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation) nan NYS la, ki se **Rose Harvey**
- Vis Prezidan Prensipal nan Zafè Kòporatif ak Dirabilite, Hugo Neu Group la, ki se **Dominique Lueckenhoff**
- Direktè Adjwen ak Direktè Inisyativ Politik, WE ACT la, ki se **Cecil Corbin-Mark**
- Direktè New York Offshore Wind Alliance lan, ki se **Joseph Martens**
- Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Hugo Neu Group la, **Wendy Neu**
- Ko-Fondatè ak manm Konsèy nan New York League of Conservation Voters, ki se **Larry Rockefeller**
- Prezidan Konsèy Center for Climate and Energy Solutions (C2ES) la, ki se **Theodore Roosevelt IV**
- Manm, Konsèy Administratè The Nature Conservancy a, ki se **Susannah Smetana Kagan**
- Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Tishman Construction Corporation; vis prezidan AECOM Technology Corporation lan, ki se **Dan Tishman**
- Manm Konsèy Environmental Advocates of New York la, ki se **Lise Strickler**
- MD, Prezidan, Biwo Pak, Lwazi ak Konsèvasyon Istorik NYS la, ki se **Lucy Rockefeller Waletzky**

Deseni ki sot pase a se deseni ki te fè pi cho pase jamè, epi senk ane ki te pi cho nan istwa yo te rive depi 2015. Pwopozisyon Lwa sou Obligasyon an antre nan kad nan plan senk ane ki estime a 33 milya dola New York la pou konbat chanjman klima a. Plan k'ap mennen nan nasyon sa, epi ki pa gen tankou'l la pral tranzisyon Eta pou li rantre nan enèji renouvlab, pandan l'ap diminye siyifikativman degajman nan tout sektè ekonomi an, ak prepare eta a ak rezidan li yo pou yo adapte yo ak efè li yo.

Yo te prezante li pou premye fwa an [Septanm 2019](#), inisyativ Restore Manman Lanati a te lanse diskou Eta Leta 2020 Gouvènè Cuomo a se efò ki pi komplè nan nasyon an pou retabli resous dlo yo ak abita enpòtan yo, epi li pral priyorize pwojè pou amelyore kalite dlo, re-etabli abita natirèl ak pwoteje kominote yo ak enfrastrikti yo kont inondasyon. Kòm yon pati nan efò sa a, Lwa sou Obligasyon an pral sipòte akizisyon tè pou bay nouvo opòtinite rekreyasyonèl elaji; pwoteje kominote yo kont inondasyon; sofgade resous dlo potab ak abita akwatik yo; pwomote restorasyon zòn imid dlo dous ak marekaj pou filtre natirèlman kontaminan ak eleman nitritif yo ki kontribye nan jèmen alge ki nuizib yo; epi restore band riveren yo pou pwoteje mas dlo yo kont ekoulman eleman nitritif ak sedimantasyon.

Lwa sou Obligasyon an pral sipòte tou yon evestisman pou eklozri pwason ki estime a 100 milyon dola a ak amelyorasyon sit aksè piblik pou etabli New York kòm premye destinasyon pou lapèch lwazi. Envestisman sa yo nan eklozri pwason klas mondyal New York yo pral ede triple pwodiksyon alven pwason dore jòn, pwodui 500,000 sad ak

somon, elve 100,000 pwason sisko pou restorasyon pwason natif natal ak ranfòse devlopman yon tip sad mawon ki pi solid. New York pral amelyore rezo sit aksè ak lapèch Eta yo tou, sit lansman bato alamen, ak dwa lapèch piblik ak yon anfas sou kouran dlo tyèd ak rivyè yo.

Efò adisyonèl yo enkli mezi pou ranfòse enfrastrikti kominotè pou reziste pi byen kont inondasyon, tankou akizasyon pwopriyete vilnerab fas ak inondasyon, kalibre gwoès kanivo yo ak pon yo, retire dig ki demode ak danjere yo ak pwojè enfrastrikti vèt yo.

Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal la, Basil Seggos te deklare, "Gouvènè Cuomo ap bati sou investisman rekò Eta nan bon jan kalite dlo ak abita ki ap amelyore resous natirèl nou yo ak ranfòse kominote nou yo nan kreye pwogram Restore Manman Lanati a ane pase. Lwa sou Obligasyon anviwònmanal yo pwopoze a ap chèche ogmante divèsite biyolojik, amelyore sante pwason nou yo ak bèt sovaj nou yo, amelyore kalite dlo a, prezève zòn tanpon siyifikatif natirèl pou anpeche poliyon, ak jenerere anpil lòt benefis ou pa ka fin konte pou ekosistèm ak ekonomi nan tout kwen nan New York".

Dènye tanpèt yo, enkli gwo tanpèt Sandy, Siklòn Irene, ak Tanpèt Twopikal Lee, te pwouve evidans klè sou nesesite pou ranfòse rezistans kominote yo kont efè chanjman klima ak evènman meteyowolojik grav yo. Depi 2011, chak konte nan New York te fè eksperyans omwen ak de deklarasyon kataswòf ki gen rapò ak kondisyon meteyowolojik yo, epi plis pase mwatye sibi senk (5) oswa plis kataswòf. Gouvènman federal la ak gouvènman Eta yo depanse plis pase 26 milya dola pou reponn ak katastwòf sa yo, e syantis yo estime ke inondasyon pral koze domaj ki estime a plis pase 50 milya dola a nan New York nan pwochen deseni an. Li enpòtan anpil pou n investis nan restorasyon anviwònmanal pou New York kontinye jwenn siksè ekonomik. Plèn inondab ak forè eta yo se baryè natirèl endispansab ki diminye risk pou kominote yo kont inondasyon ogmante ak tanpèt ki pi entans nan bay yon premye liy defans, ansanm ak abita enpòtan anpil ki nesesè pou kenbe pwason yo ak espès bèt sovaj yo.

Yo te adopte dènye lwa obligasyon anviwònmanal New York la prèske yon jenerasyon pase ki date depi 1996. Aksyon sa a pral ede sekirite finansman pou pwojè enpòtan yo pou pwoteje resous dlo eta a ak abita pwason ak bèt sovaj pou jenerasyon aktyèl la ak pou pwochen jenerasyon yo.

Nan eta Leta 2020 li an, Gouvènè a te lanse Restore Manman Lanati a, ki se pwogram ki pi aktif nan nasyon an pou restore abita enpòtan ak redui inondasyon. Restore Manman Lanati pral antreprann pwojè atravè eta a pou redui risk inondasyon kominotè, epi revitalize abita enpòtan pou pwason ak bèt sovaj yo lè yo konekte kouran dlo yo ak vwa navigab yo; kalibre gwoès kanivo yo ak dig yo; restore marekaj dlo dous ak marekaj a mare yo; reklame plèn inondab natirèl yo; repeple popilasyon fwidmè yo ak modènize eklozri pwason yo; prezève espas lib; ak redui kontaminasyon k'ap soti nan debòdman dlo agrikòl ak dlo lapli yo. Gras ak pwojè Restore Manman Lanati sipòte, tout Nouyòkè yo pral wè amelyorasyon mezirab nan wout dlo yo, plis opòtinite lapèch ak lwazi ak mwens domaj inondasyon apati 2030.

Gouvènè Cuomo pwopoze tou pou entèdi distribisyon ak itilizasyon polistirèn elaji, ke yo rele souvan stiwofòm, ki se yon resipayan yo itilize pou manje yon sèl fwa.

Pwopozisyon an entèdi tou, vant konsiderab materyèl anbalaj an polistirèn yo rekonèt kòm woulo anbalaj. Anplis, pwojè lwa a otorize Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation) Eta a revize epi pran mezi pou limite oubyen entèdi lòt materyèl anbalaj depi yo jwenn li gen enpak sou anviwònman an. Se t ap entèdiksyon ki pi solid nan Etazini e li t ap antre anvigè nan dat premye Janvye 2022. Entèdiksyon sa ap apiye efò istorik Gouvènè a pou diminye polisyon anviwònmantal nan tout eta a, ki enkli entèdiksyon resan sou sachè plastik ki itilize yon sèl fwa Gouvènè a te anonse an premye nan diskou 2019 li a sou Sitiesyon Eta a.

Bati sou efò chanjman klima li yo, Gouvènè Cuomo te enkli yon lejislasyon nan Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2021 li an pou fè entèdiksyon sou fraktirasyon New York lan vin pèmanan. Mezi a t ap anpeche Depatman Pwoteksyon Anviwònman (Department of Environmental Conservation, DEC) an apwouve pèmi ki otorize yon antite ki fè demann pou li pèse, fouye, rebouche oswa konvèti pwi ki itilize fraktirasyon idwolik ak gran volim pou mete oswa remete yon pwi an pwodiksyon, sa k ap pwoteje sante moun New York yo epi garanti pratik sa a pa andomaje anviwònman nou an nan yon fason pèmanan. Pwojè lwa refilete yon etap enpòtan vè lavan pou atenn objektif ekonomi ekolojik enèji pwòp New York la yo.

Anplis de sa, Gouvènè Cuomo pwopoze kontinye finansman EPF la pou yon dezyèm ane konsekitif nan yon nivo rekò 300 milyon dola. Apwopriasyon yo gen ladan 39 milyon dola pou pwogram dechè solid yo, 89 milyon dola pou pak ak aktivite lwazi yo, 152 milyon dola pou pwogram anplennè yo, ak 20 milyon dola pou pwogram rediksyon ak adaptasyon chanjman klimatik la Li te pwopoze tou 500 milyon dola anplis pou enfrastrikti dlo pwòp, yon pati nan angajman san parèy eta a ki estime a 3.5 milya dola pou asire ke tout Nouyòkè yo gen aksè ak dlo pwòp.

Bidjè Egzekitif Gouvènè a gen ladan tou de gwo nouvo inisyativ pou redui polisyon anviwònmantal nan tout eta a: entèdiksyon ki te anonse anvan sa sou itilizasyon polistirèn ak kreyasyon yon nouvo Pwogram Jesyon Pwodui pou resiklaj de pwodui ki difisil pou jere espesyalman, kapèt ak matla. Nouvo pwopozisyon an mete responsablite pou jesyon fen lavi kapèt ak matla sou pwodiktè a, k ap ede garanti pwogram sa yo konsidere enpak fen lavi pwodui a oswa anbalaj la pandan premye etap konsepsyon yo. Inisyativ la ankouraje fabrikan yo tou pou refè konsepsyon pwodui ak anbalaj yo yon fason mwens toksik, mwens ankonbran ak pi lejè epitou pi resiklab.

###

Lèt nouvel disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)